

Mande'm de Limyè ak Koulè!

Jodi a, yon enstriktè de Mize Discovery nan Acton te vizite nan klas mwen e li te fè yon pwogram sou limyè ak koulè.

Mande'm de bèle akansyèl nou fè lè nou briye limyè blan a travè yon glas oubyen nouvo koulè ke nou kreye lè nou vire tèt ke nou mikse koulè.

Kite'm montre'w rezulta eksperimentasyon kwomatografi mwen an. Mwen te itilize yon filtè kafe ak dlo pou separe diferan koulè lank nan yon makè nwa.


Ann eksploré limyè ak koulè plis nan lè nou aktivite ki anba a!

Limyè Kolore Mond nou An

Ki kote koulè nan mond lan soti? Yo soti de limyè blan. San limyè pa tap gen koulè. Eseye aktivite sa uon aswè nan yon chanm fè nwa.

Kisa ke ou bezwen:

- yon pòm ounbyen piman wouj, vèt, ak jòn nan yon sache an papye
- twa fèy papye blan (apeprè 8.5 pouz x 11 pouz)
- tep
- yon flach
- yon chanm fè nwa



Kisa pou fè:

1. Pran sache la nan pòm ounbyen piman nan yon chanm fè nwa san okenn limyè. Sèvi ak sans touche'w, rale piman yo soti nan sache a youn pa youn epi eseye idantifye koulè yo chak. Kisa ke ou konstate? Gade nan chanm lan. Limen limyè yo. Kijan ke koulè yon objè diferan nan yon chanm fè nwa konpare ak yon chanm ak limyè?
2. Woule twa moso papye e sèvi ak tep pou fè twa tib kap glise sou chak bò piman yo.
3. Glise tib yo sou tèt pòm yo ounbyen piman yo e etenn limyè a.
4. Limen yon flach sou chak tib yo. Kisa ke ou konstate?

Koulè a ou wè sou mi yo nan tib la se koulè a nan limyè ki reflete pa piman. Koulè ou pa wè reflete yo se koulè oubyen longè ond limyè ki absòbe pa piman. Eseye sa ok lòt objè nan chanm lan.

